

Jud Alix Francois - John A. Francois

TI JOEL

Ti koze sou maladi raj



Ti JOEL

Ti Joel , Ti komik Ayisyen ki kreye
nan lane 2006, pa Jud Alix Francois


Jud Alix Francois
Stanley Jesuca

Senaryo

Jud-Alix Francois
John A. Francois
ayitikomik@gmail.com


Desen





...2 pil rad monte men wotè. Li remake savon li pral fini, li rele ti joel pou al achete
2 ba savon ankò pou li.








Y ap anplwaye divès taktik pou yo wè si yo ta met detwa
grenn mango atè pou yo manje.

Oubyen
wotè mèt minwi...
M tap vale tout.

















Toto kouri ak tout fòs li
pou l al bay matant
Ti Joel nouvèl la...



Sa tinom
sa gen la,
li vin ateri sou mwen
tankou yon dyèt
la?












Ekip la rive byen deside kay Seriani, matant ti Joel frape, pou l al kase met nan men manzè.























Nou pa dwe rete pre chen an lè l ap twalèt, lè l ap manje e lè l ap okipe
pitit li.



...Si chen an ta parèt menasan kanpe
drèt tankou yon pye bwa, pa kouri
Konsa ou gen plis chans
pou l pa atake w.




Non kòmè, bèt yo gade nan kay, tankou chen w lan kapab bon
zanmi moun si nou byen jere yo .Toujou kenbe yo pwòp,
mennen yo al pran vaksen detan zantan kay veterinè, pa kite yo
sòti nan nwit, toujou siveye konpòtman yo pou n wè
si yo pa gen kek jès dwòl.















*Atansyon: Chen se zanmi nou vaksinen yo pou
pwotje tèt nou!*



Mennen chen an kay veterinè





Ti Joel



VERT



BLEU



MARON



ORANGE



GRIS



JAUNE

RAFRECHI MEMWA

Kesyon

- 1 - kisa ki maladi raj la ?
- 2- kay ki zannimo konsa ou ka jwenn maladi raj la ?
- 3- ki siy ki pèmèt nou konen pa egzanp le yon chen
gen maladi raj ?
- 4- Eske moun ka trape maladi raj tou ?
- 5- kisa yon moun ta dwe fè lè yon bêt ki gen raj mode I ?
- 6- Eske maladi raj ka tiye moun ?

- 7- kijan pou n jere bêt yo pou yo pa trape maladi raj ?

- 8- ki prekosyon yon moun ta dwe pran pou I pwoteje
tèt li sil ta sispèk ke yon bêt gen maladi raj ?
- 9- Si nou gen yon chen pa egzanp ki gen maladi raj kisa
poun fè ak li?
- 10- kisa mesye Pierre ap fè avèk chen sa menm ?

Repons paj 33

RAFRECHI MEMWA

Repons

- 1 - Raj la se yon maladi ki atake bêt ak moun. Se bêt ki déjà enfekte ki tans-mèt maladi a nan bave l. Bêt ak moun ka pran maladi a lè bêt ki déjà enfekte grafonyen oswa modè yo.
- 2- Nou jwenn maladi raj la kay tout zanimo ki gen san cho tankou: chen, chat, cheval, bœf, bourik, millet, kabrit, mouton epi kochon.
- 3- Lè yon chen gen raj, li jape pou anyen, lap vire tounen sou plas san rete, li pè dlo, li paka vale byen, l ap bave, li pè manje.
- 4- wi moun ka trape maladi raj paske si yon bêt ki gen raj mòde moun nan l ap transmèt li viris lan nan
- 5- Kouri lave kote bêt la mòde w la ak savon lave epi ale nan sant sante ki pre w la pou yo ba w vaksen kont raj.
- 6- Wi maladi raj la touye moun si moun nan pa pran vaksen kont raj la.
- 7- Mennen yo al pran vaksen kont raj chak ane.
- 8- Pa agase'l ak wòch, baton elatriye pou la pa atake w epi pa kite bêt la mòde w ni grafonyen w.
- 9- Rele tout swit mesye Pierre nan [] pou l vin chache l.
- 10- L ap fè egzamen pou chen an, lap mennen l nan sant pou l swiv li pandan kèk jou, si li mouri l ap kenbe l, si li pa mouri l ap trete l epi aprè l ap remèt mèt li.

Kesyon paj 32

Ekip **AYITIKOMIK** : Jud Alix Francois, John A Francois, Natasha Francois, Marie Immaculee T. Francois
Stanley Jesuca, Marie Cathia Johane Pierre, Pierre Saint Gerald.
Anpil remèsiman pou: Kelly Crowdus, Marie France Francois, Cris Julian & Justin Andy Francois.



Se Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) ki prepare dokiman sa a nan tèt ansanm avèk Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) ak Ministè Agrikilti, Resous Natirèl ak Developman Riral (MARNDR)